ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№245 (21.403) ● 2008 гъэм дыгъэгъаэзм (декабрым) и 24, бэрэжьей ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Саенкэ Виктор Георгий и къуэм Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и полномочиехэр я пІалъэр къэмыкІу щхьэщхьыным и ЛуэхукІэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и ЛуэхукІэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 4 статьям и яп» Іыхьэм и «а» пунктым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутату «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм кІыбгъэдэкІыу республикэ хэхьпІэ округ зэгуэтым щыхаха Саенкэ Викторэ Георгий и къуэм и полномочиехэр я пІалъэр къэмыкІу щхьэщхьым.

2. Саенкэ Виктор Георгий и къуэр Парламентым и лэжьыгъэ къызэгъэпэщыжмкІэ, депутат щнхабзэмкІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и комитетым кІыхьэгъэжьыжьым.

3. Мы Унафэм кІыру егъуэт кІыщыщта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ

2008 гъэм дыгъэгъаэзм и 18-м
№1587-II-П

Шал Любовь Хьэсеи и пхъум Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и полномочиехэр я пІалъэр къэмыкІу щхьэщхьыным и ЛуэхукІэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и ЛуэхукІэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 4 статьям и яп» Іыхьэм и «а» пунктым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутату «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм кІыбгъэдэкІыу республикэ хэхьпІэ округ зэгуэтым щыхаха Шал Любовь Хьэсеи и пхъум и пономочиехэр я пІалъэр къэмыкІу щхьэщхьым.

2. Шал Любовь Хьэсеи и пхъур Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкІэ, налогхэмкІэ, финансхэмкІэ и комитетым кІыхьэгъэжьыжьым.

3. Мы Унафэм кІыру егъуэт кІыщыщта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ

2008 гъэм дыгъэгъаэзм и 18-м
№1588-II-П

●КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Бэзэрхэр нэхъ зэІуэпэщ мэхъу

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэІуІэм хиубыдэу Правительствэм хуахаха зэманым депутатхэр ядэІуащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм бэзэрхэм я лэжьыгъэр къызэрыщызэрагъэпэщым и Іуэхукіэ» Законыр гъэзэщІа зэрихъуэм.

АБЫ ТЕУХУАУЭ доклад ищІащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр **Мусуков Алий**. Министрым зэрыжиІамкІэ, дызэрыт илъэсым и щэкІуэгъуэ мазэм ирихьэлІэу республикэм и щІыналъэм бзэзрхэр къыщызэрагъэпэщыну хуит зэращІ тхыпІэу 16 щатащІ. ИрагъэкІуэжІа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, республикэ планым химыуибыдэу апхуэдэ тхыпІэ щата икІи законодательствэр къыщызэпауда къэхъащІ. Апхуэдэ Іуэхущ «Прохладнэ» сатуущІ пщІантІэ» муниципальнэ предприятэ къызэрагъэпэщыну хуит зэращІар. Апхуэдэу зыужьрабзэ документхэр ямыІэу бззэри 4 къызэІуахащ.

Доклад зыщІам къыгъэлъэгъуащ законым къемызэгъ мыхъумыщІагъэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балькъэрым щыІэ бззэрхэм къыщыщІагъэщхэр зыхуэдэхэр. Абыхэм ящыщщ бззэрхэм щыІэ сату щІыпІэхэм я схемэ зэрамытыжьхэр. Ар ятеухуа схемэхэр зыхуэфащэ органхэм я арэзыныгъэ хэмылъу зэрызэхахьэр. Мы Іуэхум ехьэлІауэ щыІэ ныкъуасанигъэхэм ящыщщ розницэ сату щащІ бззэрхэм схемэхэм имыт сату щІыпІэхэр къызэрыщызэІуахыр, сатуущІхэм я реестрыр, сату щІыпІэхэр етыным тхуяуа зэгурыІуныгъэхэм я реестр зэрамытхыр. Мусуков Алий зэрыжиІамкІэ, куэдрэ къызэпауд бззэрхэм сату щызыщІхэм бгъэхэу дамыгъэхэр яхэтыным зэрыхуэмыт теухуауэ федеральнэ, республикэ законхэм къагъэувкэри. Апхуэдэ ныкъуасанигъэр республикэм и бззэр псоми щыІащ. Абы къегъэлъагъуэ сату зыщІхэм законодательствэр зэрагъэзащІэр махуэ къэс къащІэтэну къызыбгъэдэхуэхэм - бззэрхэм я къызэгъэпэщакІуэхэмрэ ахэр зыгъэлажьэхэмрэ - я къалэнхэр егупъуу зэрырамытхьэкІа.

Зэкіэ нэгъэсауэ унафэ тращІыхьакъым хабзэм къемызэгъыу бззэрхэм къегъэщІыпІа щІыпІэхэм сату зэрыщащІым.

ИпэжыпІэкІэ бззэр псоми щыІэщ хуэбгъэ зэмыпІэужьыгъуэхэр къызыкІадзэ стендхэр. Ауэ ахэр щІыпІэ нэхъ къуэрзэнапІэхэм щагъэзэн, зыхуэфащэ информацэри ирикъуу къыщыдгъэпытыжъ урокьапІэ.

- Зэрыщыту къапщтэмэ, республикэм и бззэрхэр нэрылъагъуу ефІэкІуащ, я лэжьыгъэмэ блэкІа илъэсым елытауэ фыкІэ зихъуэжащ. Къапщтэжа, налог учетым щымыт , уней хозяйствэ зезымыхъэ сатуущІу бззэрхэм тетым я бжыгъэм куэдкІэ кІэрыхуащ, апхуэдэу нэгъэущІ къэрапхэм щыщ цІыхухэм сату ящІу зы щІыпІи къыщыщІагъэщакъым, - жиІащ къэспсалъэм.

Апхуэдэу абы къыхигъэщащ, республикэ законодательствэм къызэригъэувым хуэдэу, бззэрхэм, абыхэм къегъэщІыпІа щІыпІэхэм автомашинэхэр пщІэнкІи щагъэуя хъуну щІыпІэхэр зэрыщыІыр. Къыхэбгъэщ хъунур «Центральнэ» сату комплекс» ОАО бззэрыщІ - абы и хъуреягъкІэ къелкІэжьу щыІэр пщІэ зыщІат автомашинэ гъэувыпІэхэщ.

Бззэрхэм я къэзэрэгъэкІуэн хэпщІыкІыу ефІэкІуауэ, сатуущІхэмрэ щхуякІуэхэмрэ я Іуэхури нэхъ тынш хъуащ. Иджы сату щІыпІэхэр нэхъыбэу щыІэ хъуащ щхьэ зытелъ павильонхэм. Республикэм и бззэрхэм я нэхъыбэм лэжьыгъэшхэу щокІуэкІ сату щащІ павильонхэр ухуэным, абыхэм тет ухуэныгъэхэр зэгъэгъэпэщыжьынымкІэ.

Иужь зэманым ирагъэкІуэжІа къэпщытэныгъэхэм япкъ иткІэ къабзэлъабзагъэм и хабзэхэр къызэрызэпаудым теухуа протоколу 53-рэ ятхащ икІи ячаншэхэм сом 52700-кІэ етхьэжьауэ. Ерыскъыпхъэ зэмыпІэужьыгъуэхэм я фІагъыр лабораторхэм 1927-рэ къащІыгъати, абыхэм ящыщу къабзагъэм и хабзэхэм къимытІасэ яхъэкІакъым. МафІэс шынагъэуншагъэм и хабзэхэр зэрамыгъэзащІэм къыжжэкІу къурыкъуІэу 115-рэ administративнэ жуаупым ирашзэпІащ, мафІэсым и лэжьыгъэхъуным теухуа Іуэху зэмылІэужьыгъуэу 2784-рэ зэфІагъэкІын хуейуа бззэрхэм я administрацэхэм хуагъэуващ.

Доклад зыщІам жэуап ириташ депутат куэдым я упщІэхэм.

БАТЫР Любэ.

●Ерыскъы промышленность

Щынэхъ бжыгъэфІщ

Илъэсым щыщу блэкІа мазэ 11-м республикэм ерыскъыхьэкІэхэм елажьэ и предприятэ 78-м продукцэр къыщІагъэкІащ сом меларди 5-м щІигъу и уасэ. Ар Къэбэрдей-Балькъэрым и экономикэм и ІэнатІэ псоми я деж щынэхъ бжыгъэфІщ.

МЫ ГЪЭМ ди заводхэм къыщІагъэкІащ консерв зэмылІэужьыгъуэу банкІ мелуани 150-рэ.

Республикэм и ерыскъы промышленностым, пІалъэкІэ къащтэжр зэмыту, цІыху мини 7-м щІигъу щолажьэ. Мэкъауасэгъэжьэлъэгъуэ мазэхэм я бжыгъэр мин 20-м ноблагъэ. Абыхэм ярэзыкъэпрыкІ продукцэ зэмылІэужьыгъуэу 30.

Этиц спирту, аркъэуэ, ликерхэкІыу къыщІагъэкІыр икУ иту Урысейм щащІым нэхърэ нэхъыбэщ. Гъэм зэрыщІидзэр аркъэуэкІэр изыгъэхъуэу предприятэхэм налогыу ятащ сом меларди 2-м щІигъу. Лэжьакіуэхэм ику иту мазэм сом мини 6-рэ 300-рэ къаІэрохьэ. Ар агропромышленнэ комплексым и адрей ІэнатІэхэм къыщыхьым фІыуэ щІегъу.

АРУАН Алий.

Къуэшрыкъуейр ирогушхуэ

● Нобэ

Балэ Мухьэдин мэлажьэ.
1981 гъэ

Композитор гъуэзэджэ, КъБАССР-м гъэзэджэхэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ Балэ Мухьэдин (1923 - 1984 гъэ.) псэужамэ, дыгъэгъаэзм и 25-м и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирикъунут. Абы теухуа тхыгъэхэм яхухэтхащ нобэрей ди къыдэкІыгъуэм и ещанэ напэкІуэцІыр.

ХАРЬКОВ консерваториер къэзыуха Мешков Иван зи капельмейстер Кэнжэ къуэкІым 1937 гъэм къыщыІэзэрагъэщІауэ щыта накъырапщэхэм я колхоз оркестрыщ сурэтым щыгъэлъагъур. ИжьымкІэ апэу щысыр Балэ Мухьэдинщ.

КъыхэгъэщІапхъэщ мыри: Мухьэдин къыщалъхуа Кэнжэ (Къуэшрыкъуей) къуэкъым дэт Щэнхабзэмкіэ унэм нобэ сыхьэтыр 16-м композитор цІэрыІуэм и фэепль пшыхь зэрыщІагъэкІуэкІыр. Абы теухуа тхыгъэмэ ди газетым и къыдэкІыгъуэ гъунэгъуэм фыкІыщедкІэ.

ИСТЕПАН Залинэ.

Ди гущІэгъуэ щІыпІэ

Адыгэ Республикэм и лІыкІуэ Хъупсырокъуэ Мурат

АДЫГЕЙ. *Республикэм и президентым и пресс-Іуэхущапіэм къызэритамкІэ, Урысей Федерацэм и Президентым и деж Адыгейм и лІыкІуэу щыІэжьыну Хъупсырокъуэ Мурат ягъэфащащ. Адыгэдэ унафэм Іхьэкіуащэ Аслъэнджэрий иджыблагъэ Іэ тридзащ.*

ХЪУПСЫРОКЪУЭ Мурат и кІуалыкъуэ Адыгейм и вице-премьерым пальитэ. Абы и пэкІэ я ІэнатІэм пэрыта генерал-лейтенант Быж Айтэн нэгъуэщІ лэжьапІэ кІуащ.

Хъупсырокъуэ Мурат Къэрэшей-Щэрджэсым къыщалъхуащ, илъэс 30 и ныбжьщ, Москва къэрэ юридическэ академиер кІуихащ, банк ІэнатІэм щыІэжьащ.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, 2004 гъэм Хъупсырокъуэ Мурат Къэбэрдей-Балькъэрым и «Гладиатор» спорт клубыр къызэригъэпэщащ.

Зэныбжьэгъуэгъэ ягъэбыдэ

АБХЪАЗ. *Воронеж областымрэ Абхъазымрэ я зэныбжьэгъуэгъэ, сату-экономикэ, щІэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэным, егъэфІэкІуэным теухуа зэгурыІуныгъэ зэлыкІуэтым ящыщІыбгъэ Сыхьум къалэм щызэращыпІащ.*

АБХЪАЗЫМ и лъэныкъуэмкІэ дэфтэрым Іэ тридзащ республикэм и вице-премьер, финансхэмкІэ министр Кубраев Беслъэн, Воронеж областым къыбгъэдэкІыу - щІыналъэм и вице-губернатор Колядин Андрей.

«Абхъаз Республикэр хущІокъу икІи и фейдэ хэльщ Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм ядэлэжьэным. Воронеж и Іуэхущапіэхэр ди щІыналъэм щыІащ. Мурадхэр дахэщ, тэмэмуи дызэдэлэжьэнущ», - щІыжиІащ зэІуІэм Абхъазым и премьер-министр Анкваб Александр.

Колядин Андрей кІыхьигъэщащ Воронеж областым экономикэ и лъэныкъуэмкІэ зыужьыныгъэ УФ-м бжьыпэр зэрыщІыгъыр икІи зэгурыІуныгъэ зэрэщыщІыла лъэныкъуитІым я фейдэ къызыхэкІын экономикэ проект зыбжанэ зэрыщІыр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Бахъсэн куей

Программэхэр ягъэзащІэ

Хъуэныгъэм тещІыхьа федеральнэ, республикэ программэхэм япкъ иткІэ, Бахъсэн районым мы гъэм гъжьыгъэ щхьэпэхэр щызэфІагъэкІащ.

ПІАЛЪЭкІэщІкІэ яхуэриІ, Куба къуэжьм щатащ ТІысыпІэ 400 зиІэ Щэнхабзэмкіэ унэ екІу. Жылагъуэхэм жьы хъуа псы кІуапІэу километри 4 щызэрахьэхьэкІащ, Псыхьурей курыт школым и котельнэр зэрагъэпэщыжащ, Бахъсэнекэ дэт еджапІэм екІуалІэ хуабэ кІуапІэр яхъуэжащ, унэ зэтету 11-м я щхьэхэр ремонт ящІащ. Ислъэмей, ХьэтІохъущыкъуей жылагъуэхэм псы кІуапІэщІэхэр щаухуэ.

Районым администрацэм и ІэщІагъэлІхэм зэрыжаІамкІэ, мылькум и кІыхьэкІыпІэ псоми я хьэкъкІэ мы гъэм уухакІуэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ сом мелуани 100-м нэблагъэ къыщІагъэсбэщащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭЗАлик.



Къэрал унафэщІхэр зэхуос

Москва щызэІуищІащ газ зыщІ къэралхэм я унафащІхэр. Ахэр япэу Урысейм щызэхуэзэу ираш.

Газ зыщІэ къэралхэр 16 мэхъу. Абыхэм мы зІуІэм щаубзыхуныщ газым и зы уасэ, организацэщІэ къызэрагъэпэщу, абы и уставми ІэщІадзыну гугъапІэщхуэхэр щыІэщ. А Іуэхуми Іэльэсит ХьэуауэМ и къэралхэр зопсалъэ.

Зэхуэсахэм ящыщу газкІэ нэхъ къулейр Урысейращ - абы Іэщ1эльщ а гъэсыныпхъэм хуэдэу дунейм щащэм и Іыхьэ щанэр.

- Газыр щхьэхуІэм и лев тэмэму нэсыныкІэ зэхуэдэу жэуап яхь зыщэми, щхьэкІуэми, абы и бжьамийхэр зи щІыналъэм пхырыкІ къэралхэми. Абы къыкІэІуу газ Іуэхуэр зыкІи политикэм пыщІауэ щытын хуейкъым, - жиІащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ Путин Владимир.

Гугъэ щІтырхэр егъэущІыІу

США-р щыгъуаэзт Курджыр Осетие Инщэм зэрытеуІуным. Ар лыгъуаэз жиІащ Америкэм и Къэрал секретарь Райс Кондолиз, «Франс Пресс» агентствэм интервью щІитым.

- Курджым мы гъэм и щыщхьэІум иджжа Іуэхугъуэхэр США-р зыпэмыплъа къэхъукащІэтэгъэным. Дэ Курджым и унафэщІхэм гурыІуэгъуэу яжетІат зауэ Іуэху лъэпкъ зэрахьэ зэрымыхъунур, абы пэкІуэжьи жэуап зэрыщІэІэнум къыхэкІыу», - жиІащ Райс.

ГурыдуэгъэщІ абы и псалъэхэр Курджымрэ США-мрэ зэдэІэпыкъунэ, зэдэлэжьэным теухуа зэгурыІуэныгъэм ІэщІидзыпхъэ уэрэд лъэхъэнэм ирихьэлІэу щІигъэІуа щхьэусыгъуэр. Абы Іэ щІадзынущ махуэ къэблагъэхэм. Саакашвили Михаил а щыхьэт тхылъым Іуэхугъэ хуиІэщ, ауэ аналитикэм хуагъэфащэ ар егъэлеяуэ щыІуэу.

Иджыри зы автобус...

Урысейм щыщ туристу

ящІ 7 Мысырым щыхькІуэдащ.

Ахэр зэрыса автобусыр щыщхьэпридзащ Дахаб кІалэм пэгъунэгъуэ. Ахэр Иерусалим зыплъыхьакІуэ яІэу арат.

Автобусыр зейр уэрамым щылажьэ туркоминеу къыщІэкІащ. Мысырым и хабзэхьэмэ Іуэхущапіэхэм эхагъэкІ абы щІыхуэхэр къришэкІыну хуитыныгъэ иІар имыІарэ.

Дахаб и сымаджэщхэм ирашэлІащ фэбжь зэмылІэужьыгъуэ зытелъ щІыхь 18.

Автобусым исахэм зэрыжаІамкІэ, бгылъэ гъуэгуэм автобусыр щызекІуащ километри 100-м щІигъу и псынщІагъыу.

Мысырым мы гъэм апхуэдэ аварие 10 къыщыхъуащ. Къэрал зэмыдзэныгъуэхэм къикІауэ хэкІуэда щІыхь 40-м щыщу 18-р Урысейм щыщхэт.

(РИА-НОВОСТИ).



◆ Тыркум и Измаил быдапІэр Суворов Александр зи унафэщІ урысыдэм кІыщтащ (1790 гъэм). Ар ягъэлъапІэ 1995 гъэм гъатхэпэм и 13-м къащта «Урысейм и махуэ льапІэхэмрэ» зекІуныгъэщхуэхэмрэ» зи фІэщыгъэщІэ Федерал законым ипкъ иткІэ.

◆ 1943 гъэм советыдзэм Украинэм и ижьрабгъу Іуфэмрэ Кырымымрэ фашист зэрыпхъуакІуэхэм къаІэщІигъэкІыжьын щІидзащ. А щІыналъэхэм бийр щрахужар 1944 гъэм накъыгъэм и 12-ращ.

◆ 2003 гъэм Урысей Федерацэмрэ Украинэмрэ Керч Іэ щыщІадзащ Азов тенджызымрэ Керч псы дожьапІэмрэ зэгъуэгу къэгъэсэбэныным теухуа зэгурыІуныгъэм.

◆ 1979 гъэм советыдзэр Афганистаным и щІыналъэм ирашэри, СССР-р зыхэта зауэ кІыхьым щІидзащ.

◆ Связьымрэ информацэмкІэ Правительствэм и Федеральнэ ІуэхущапІэр къызэрагъэпэщащ. ФАПСИ-м и махуэщ.

◆ Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор **ЕхъуатІэ Мартин** къыщалъхуа махуэщ.

◆ Адыгэ атрисэ**КІэхумахуэ ФатІимэ** къыщалъхуа махуэщ.

◆ **Дыгъэр къыщІэкІащ сыхьэтыр 7-рэ дакъикъэ 38-м, къуэлэжьыну сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 34-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэтыр 8-рэ дакъикъэ 56-рэ.**

ПІалъэпэр зыкъэхъэзырыр ГЪУПІО 3 арифщ.

ЛЪэпкъ Іущыгъэ:

Зы цІыхум зы цІыхур и шхэпсщ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2009 гъэм и яп» илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедэнэну дыгъэгъаэзм и 28-м эрируху.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэр сом 356-рэ кІэлпІейкІи 10-рэщ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущапіэ псоми.

Ди индексыр 51531

●КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Бэзэрхэр нэхъ зэІуэпэщ мэхъу

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэІуІэм хиубыдэу Правительствэм хуахаха зэманым депутатхэр ядэІуащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и бззэрхэм я лэжьыгъэр къызэрыщызэрагъэпэщым и Іуэхукіэ» Законыр гъэзэщІа зэрихъуэм.

АБЫ ТЕУХУАУЭ доклад ищІащ КъБР-м экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ и министр **Мусуков Алий**. Министрым зэрыжиІамкІэ, дызэрыт илъэсым и щэкІуэгъуэ мазэм ирихьэлІэу республикэм и щІыналъэм бзэзрхэр къыщызэрагъэпэщыну хуит зэращІ тхыпІэу 16 щатащІ. ИрагъэкІуэжІа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, республикэ планым химыуибыдэу апхуэдэ тхыпІэ щата икІи законодательствэр къыщызэпауда къэхъащІ. Апхуэдэ Іуэхущ «Прохладнэ» сатуущІ пщІантІэ» муниципальнэ предприятэ къызэрагъэпэщыну хуит зэращІар. Апхуэдэу зыужьрабзэ документхэр ямыІэу бззэри 4 къызэІуахащ.

Доклад зыщІам къыгъэлъэгъуащ законым къемызэгъ мыхъумыщІагъэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балькъэрым щыІэ бззэрхэм къыщыщІагъэщхэр зыхуэдэхэр. Абыхэм ящыщщ бззэрхэм щыІэ сату щІыпІэхэм я схемэ зэрамытыжьхэр. Ар ятеухуа схемэхэр зыхуэфащэ органхэм я арэзыныгъэ хэмылъу зэрызэхахьэр. Мы Іуэхум ехьэлІауэ щыІэ ныкъуасанигъэхэм ящыщщ розницэ сату щащІ бззэрхэм схемэхэм имыт сату щІыпІэхэр къызэрыщызэІуахыр, сатуущІхэм я реестрыр, сату щІыпІэхэр етыным тхуяуа зэгурыІуныгъэхэм я реестр зэрамытхыр. Мусуков Алий зэрыжиІамкІэ, куэдрэ къызэпауд бззэрхэм сату щызыщІхэм бгъэхэу дамыгъэхэр яхэтыным зэрыхуэмыт теухуауэ федеральнэ, республикэ законхэм къагъэувкэри. Апхуэдэ ныкъуасанигъэр республикэм и бззэр псоми щыІащ. Абы къегъэлъагъуэ сату зыщІхэм законодательствэр зэрагъэзащІэр махуэ къэс къащІэтэну къызыбгъэдэхуэхэм - бззэрхэм я къызэгъэпэщакІуэхэмрэ ахэр зыгъэлажьэхэмрэ - я къалэнхэр егупъуу зэрырамытхьэкІа.

Зэкіэ нэгъэсауэ унафэ тращІыхьакъым хабзэм къемызэгъыу бззэрхэм къегъэщІыпІа щІыпІэхэм сату зэрыщащІым.

ИпэжыпІэкІэ бззэр псоми щыІэщ хуэбгъэ зэмыпІэужьыгъуэхэр къызыкІадзэ стендхэр. Ауэ ахэр щІыпІэ нэхъ къуэрзэнапІэхэм щагъэзэн, зыхуэфащэ информацэри ирикъуу къыщыдгъэпытыжъ урокьапІэ.

- Зэрыщыту къапщтэмэ, республикэм и бззэрхэр нэрылъагъуу ефІэкІуащ, я лэжьыгъэмэ блэкІа илъэсым елытауэ фыкІэ зихъуэжащ. Къапщтэжа, налог учетым щымыт , уней хозяйствэ зезымыхъэ сатуущІу бззэрхэм тетым я бжыгъэм куэдкІэ кІэрыхуащ, апхуэдэу нэгъэущІ къэрапхэм щыщ цІыхухэм сату ящІу зы щІыпІи къыщыщІагъэщакъым, - жиІащ къэспсалъэм.

Апхуэдэу абы къыхигъэщащ, республикэ законодательствэм къызэригъэувым хуэдэу, бззэрхэм, абыхэм къегъэщІыпІа щІыпІэхэм автомашинэхэр пщІэнкІи щагъэуя хъуну щІыпІэхэр зэрыщІыр. Къыхэбгъэщ хъунур «Центральнэ» сату комплекс» ОАО бззэрыщІ - абы и хъуреягъкІэ къелкІэжьу щыІэр пщІэ зыщІат автомашинэ гъэувыпІэхэщ.

Бззэрхэм я къэзэрэгъэкІуэн хэпщІыкІыу ефІэкІуауэ, сатуущІхэмрэ щхуякІуэхэмрэ я Іуэхури нэхъ тынш хъуащ. Иджы сату щІыпІэхэр нэхъыбэу щыІэ хъуащ щхьэ зытелъ павильонхэм. Республикэм и бззэрхэм я нэхъыбэм лэжьыгъэшхэу щокІуэкІ сату щащІ павильонхэр ухуэным, абыхэм тет ухуэныгъэхэр зэрэгъэпэщыжьынымкІэ.

Иужь зэманым ирагъэкІуэжІа къэпщытэныгъэхэм япкъ иткІэ къабзэлъабзагъэм и хабзэхэр къызэрызэпаудым теухуа протоколу 53-рэ ятхащ икІи ячаншэхэм сом 52700-кІэ етхьэжьауэ. Ерыскъыпхъэ зэмылІэужьыгъуэхэм я фІагъыр лабораторхэм 1927-рэ къащІыгъати, абыхэм ящыщу къабзагъэм и хабзэхэм къимытІасэ яхъэкІакъым. МафІэс шынагъэуншагъэм и хабзэхэр зэрамыгъэзащІэм къыжжэкІу къурыкъуІэу 115-рэ administративнэ жуаупым ирашзэпІащ, мафІэсым и лэжьыгъэхъуным теухуа Іуэху зэмылІэужьыгъуэу 2784-рэ зэфІагъэкІын хуейуа бззэрхэм я administрацэхэм хуагъэуващ.

Доклад зыщІам жэуап ириташ депутат куэдым я упщІэхэм.

БАТЫР Любэ.

Анзор Хьэту и къуажэм теухуауэ

● ТхыгъэщІэ

«История селения Хагу Анзорова по архивным материалам» фІэщыгъэцІэрэзиІэ тхыль щыкІуупдІ (ІІ-V къыдэкІыгъуэ) иджыблагъэ дунейм къытехьащ. Ар Мамхэгъэ Астемыр зэхищэращ. Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхыль тедзапІэм къыщыдэкІащ.

АБЫ ИХУА тхыгъэхэр ящ авторым щызэхуихьэсыжащ Налшык, Владикавказ кІалэхэм щыІэ дэфтэр хьуманІэхэм. Абыхэм щыгъуэзэхухуащ Анзор Хьэту и къуажэм, 1920 - 2004 гъэхэм Старэ Урыхъ фІэщыгъэщІэр зиІам, иджыпсту Хьэтуейкіэ эзэдэкъм, и тхыдэм, абы щеКІуэкІа псэукІэм. Тхыгъэхэр ильэс бжыгъэкІэ зэпыудауэ зэкІэльыхьащ: 1872 - 1905, 1905 - 1913 гъэхэр.

Анзор Хьэту и къуажэр 1886 гъэм унагъуэм исахэр къыщыхатхыкІа тхыльхэр щамыхьума адыгэ къуажибгъэм ящыщщ. Апхуэдэ дэфтэрым и пІэ иувэфынущ мы тхыльхэм къыщыІыха, языныкъуэ къуажэдэсхэм ятеухуауэ зэхуэсхэм къыщащта унафэхэр, къэдгъэльэгъуа лъэхъэнэм налог къыщІэрыхахам и щыхьэту ягъэхьэзыра тхыльымпІэхэр, апхуэдэу щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэмкІэ къыжжэдэс щхьэхуэхэр къызэрыхатхыкІам кІингъэльэгъуахэр.

Зи блэкІар зэзыгъэльэгъуну щІыпІэ имыІэжу кІанэрэ, гугъуехьэхэм зыкІыщызэкъуах хьауад.

Зи гугъу тщІым епхауэ Іэмал имыІэу кІыхьэгъэщІын хуейщ Америкэм и экономикэм зригъэщхьу дунейпсо экономикэм хьэл-щэн хуэхъуа, абы зиужьныным хуабжу зэлэжьыхь ІуэхугъуитІыр. Ябгъэрауэ, гІобализацІэкІэ эдэкъм егъэлеяуэ зиубгъури, дунейпсо экономикэм и структурэм хэль къару нэхъыщхьэхэр зэблидзащ. Къэрал зызыужьыхьэхэм ярэзыкІри, отрасль кІыхьэрыгъэжьхэм я производствэр къэрал зызыужьхэм я деж мэлэхъуэ. США-мрэ Инджылыз зымрэ щІэныгъэм, дунейпсо лабораторэхэм я экономикэ кІыщоунэхури, Китаймрэ Индиемрэ хьэпшІыпхэр кІыщІэзыгъэкІ дунейпсо фабрикэ мэхъу. Сыт хуэдэу псынщІу зэхущыІыкІэхэм замыхъэжьжми, дэтхэнэ къэралми езым и увыпІэр кьелыхьэщ. Апхуэдэу щыщыткІэ, къэралыгъуэ зызыужьахэм я хьэпшІыпхэр нэхъ мащІу кІыщыщІагъэкІын щІадзэри, фонд рынокым ар гулъытэншэу кІимыгъанэу, котировкэхэр щохъэх. Ар ЗмылыншІэу къэхьунущ: производствэм щыкІэрыхуэкІэ, хэхьуэу къаІэрыхьэми хощ. Ар зыльъагъу инвесторхэм, а къэралхэм дзыхь хуамыщыж мэхъури, а щытыкІэм (дзыхь зэхуэмыщыжьынымі), дуней псом зыщеубгъу.

ЕтІуанэрэщи, Іуэху гугъущэхэр кьегъэунэху ёзы фінанс системэм и зэхэлъыкІэм. Иджы щыІэ финанс институтхэм щынагъуэхэр щыщащх рынокым хэт щыху щхьэхуэхэм, нэгъэущІу жыпІэмэ, - зьрэчъятІэщІэхэм. Абы папщІэ, ират бюджет и лъэныкъуэкІэ кьыззэтезыгъэувыІэ щымыІэ ахьыщ бжыгъэхэр. АтІэ, мылькур хисхьэнкІэ щынагъуэ щымыІэмэ, зи бизнескым. А щынагъуэр хэтепщэныгъэр здигъэІэпхъуэн щІыпІэ имыІэжу кьанэрэ, гугъуехьэхэм зыкьыззэкъуах хьауад.

Зи гугъу тщІым епхауэ Іэмал имыІэу кьыхьэгъэщІын хуейщ Америкэм и экономикэм зригъэщхьу дунейпсо экономикэм хьэл-щэн хуэхъуа, абы зиужьныным хуабжу зэлэжьыхь ІуэхугъуитІыр. Ябгъэрауэ, гІобализацІэкІэ эдэкъм егъэлеяуэ зиубгъури, дунейпсо экономикэм и структурэм хэль къару нэхъыщхьэхэр зэблидзащ. Кьэралзыужьахэм я хьэпшІыпхэр кьыщІэзыгъэкІ дунейпсо фабрикэ мэхъу. Сыт хуэдэу псынщІу зэхущыІыкІэхэм замыхъэжьжми, дэтхэнэ къэралми езым и увыпІэр кьелыхьэщ. Апхуэдэу щыщыткІэ, къэралыгъуэ зызыужьахэм я хьэпшІыпхэр нэхъ мащІу кІыщыщІагъэкІын щІадзэри, фонд рынокым ар гулъытэншэу кІимыгъанэу, котировкэхэр щохъэх. Ар ЗмылыншІэу кьэхьунущ: производствэм щыкІэрыхуэкІэ, хэхьуэу кьаІэрыхьэми хощ. Ар зыльъагъу инвесторхэм, а къэралхэм дзыхь хуамыщыж мэхъури, а щытыкІэм (дзыхь зэхуэмыщыжьынымі), дуней псом зыщеубгъу.

ЕтІуанэрэщи, Іуэху гугъущэхэр кьегъэунэху ёзы фінанс системэм и зэхэлъыкІэм. Иджы щыІэ финанс институтхэм щынагъуэхэр щыщащх рынокым хэт щыху щхьэхуэхэм, нэгъэущІу жыпІэмэ, - зьрэчъятІэщІэхэм. Абы папщІэ, ират бюджет и лъэныкъуэкІэ щымыІэ ахьыщ бжыгъэхэр. АтІэ, мылькур хисхьэнкІэ щынагъуэ щымыІэмэ, зи бизнескым. А щынагъуэр хэтепщэныгъэр здигъэІэпхъуэн щІыпІэ имыІэжу кьанэрэ, гугъуехьэхэм зыкьыззэкъуах хьауад.

Зи блэкІар зэзыгъэльэгъуну, зи лакъуэщІэр зэфІэзыгъэувэжьыну, и унэкъуэщхэм я кьекІуэкІыкІам щыгъуазэ зызыщІыну хуейуэ Хьэтуей кьыщыхъуа дэтхэнэ зым и дежкІи сэбэпщхъуэ хьунущ мы тхыльхэр. Абыхэм я яп» кьыдэкІыгъуэр 2002 гъэм дунейм кьытехьауэ щытащ Джатэжь-Жьынжьакі

Жэуаплныгъэ лъагэ

●Псалъэмакъ зэІуха

Грызлов Борис.

Дунейпсо экономикэ кризисыр къызэрыхъейрэ зэман зыкъом дэкІащ, абы и лІэрей Іэужьхэр зыхэтщІэфын хуэдэу. Быдэу жысІэфынущ: кризисым и пэублэ толъ: къунэхэм Урысейр къыхэкІыфащ нэгъэущ къэралхэм нэхърэ нэхъыфІу.

Ауэ дыщІэбэлэрыгъын щыІэкъым: гугъуехь Іэджэм пэщІэхуащ предприятэ, къалэ, къуажэ щхьэхуэхэр.

«ЗыУЭ щыт Урысейм» и епщІанэ съездым щыжаІащ къэралым щекІуэкІ лэжьыгъэхэм я унэтІыныгъэ псомкІи жэуап ихьыну пщэрылъ зэрызэщищыжьыр. Абы и щхьэусыгъуэр хэтІыныгъэхэм я зэманым щІы-хубзм и дзыхьыр ди партым къызэрыригъэзарц, а дзыхьыр дгъэпэжьыну дызэрифаргырщ.

Сыт хуэдэ Іэхэугъуэхэра гулъытэ хэха нэхъ зыхуэтщІыпхъэр? Апэрауэ, ди нэІэ тетын хуэейц планхэр зэІуБзу, лъабжьэ быдэ яІэу зэхэпхьэныр къызэрэпэщыным. Абы и Іэпэныкъэкі Іэмал псори диІэщ, дэтхэнэ щІыналъэмкІи жылагъуэми ди лІыкІуэхэр щолажьэри.

Ди фракцэм и депутатхэм беІджыпы къыщІащІ щІыналъэхэм щыІэ щытыкІэхэр зыхуэдэр, пщІэныгъэфІ яхудІэщІ лэжьакІуэ гупхэм, бизнесым, профсоюзхэм я унафащІхэм, Іэщ1агъэлІхэм. Апэрей отчетхэр къытІэрыхьакІэщ. Зэпымыууэ апхуэдэ лэжьыгъэхэр едгъэкІуэкІыну ди мурадщ.

Щ1ыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщыІэ хъуа щытыкІэхэр зэхуэдэкІыным. Гу гъуэхь нэхъыбэм хэхуащ дахэ-дахэу щІэупщІэ зимыІэ продукцэ хъыщІэзыгъэкІ предприятхэр. Ауэ дэ жыдоІэ: Іэмал гуэр зимыІэ Іэужу щыІэкъым. Абы и щыхьэтщ гугъуехьхэр кьыІзэдгнэкІа зэрыхъуну щІыкІэм пыща жэрдэмхэр куэдым кьыІзэрыдахьэпІэр. А жэрдэмхэр ГъащІэм хэпщ зэрыхъуным йогупсыс «Зыуэ щыт Урысейм» и политикэ клубхэр, ди партым Экономикэмрэ законодательствэмкІэ и институтыр.

ХабзэщІэхэр убзыхуным, проектхэр зэрыпхъдгъэкІыным дегугъуу долажь. Съездыр зэрызэрэдгэкІыну къэтщтащ, псалъэм папщІэ, налогхэмкІэ законодательствэм зэхъуэжьІыныбгъэ хьэным теухуа проектыр. Ар пхыгъэкІыным мылъкушхуэ тедгъэкІуэдащ, ауэ абы дыхущІегъуэжырыкьым: гуваІэщхэамрэ щ1ыналъэмрэ я унафэщІ щхьэхуэхэм зэрызэрыгъэзэжьынымкІэ, щІыналъэ щхьэхуэхэм эхъ хьэ щхьэхуэхэм я нэхъыбэ щІыналъэ щІыпІэ зэрыгъэзэжьынымкІэ, щІыналъэ щхьэхуэхэм эхъ хьэ щхьэхуэхэм я щІыналъэ щІыпІэ зэрыгъэзэжьынымкІэ. Ди Іэужьхэр нэхъыбэ зэрыщІыныщІ. Абы хуэзэгъащІ

Адыгэхэр зэрыгушхуэ композитор гъуэзэджэ

Балэ Мухьэдин ФІыцІэ и къуэр (1923-1984 гъгъ.) къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу



Балэ Мухьэдин. *1965 гъэ*

Балэ Мухьэдин Къэбэрдей-Балъкъэрым и профессиональнэ макъамэм и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм ящыщ зыщ, макъамэу, уэрэду, оперэу, симфониеу 300-м щІигъу итхащ.

Балэ Мухьэдин Кэнжэ къуажэм къыщалъхуащ. Пшынэ еуэ и анэрщ щІалэ щыІуэ макъамэр фІыуэ езыгъэгъэуар, абы дезыгъэхьэхар. Мухьэдин язныкъуэ хэм деж и анэм и пшынэр къыщтэурэ, зэхиха макъамэхэр кьригъэкІырт.

И гъащІэр макъамэм хуэгъэпсат

1937 гъэм Кэнжэ къыщызэрагъэпэщауэ щытащ накъырапщэхэм я ІофІ-уз оркестр. Андреевым и цІэр зезыхьэ колхозым и унафэщІэм Харьков щыщ Мешков Иван капельмейстеру къарагъэблэгъат. Абы щІалэгъуалэ накъырапщэхэм я оркестрым хэтыныгъэ къыщыхихым, занщІэу гупым хигъэхьат Балэ Мухьэдин, Мухьтар, Закъэ сымэ. Ахэр псори бжьамий епщэнут.

Мухьэдин оркестрым хэтурэ япэ ехъулІэныгъэхэр къехь. Мешков абы дзыхь хуищІырт адыгэ макъамэхэм я пьесэ цІыкІуэхэр щагъэщІэм деж оркестрым и дирижеру щытыну. Оркестрым и къыхэдзакІуэри бжьамиІм фІы дыдэу епщэ Мухьэдинт.

Хэку зауэшхуэр къыщыхъеІм, Балэр езыр щІопльэІури, дзэм макІуэ. 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шууей дивизэм и оркестрым бжьамиятпщэу хагъэхьэ. 1942 гъэм Сталинград и гъунэгъуу щекІуэкІа зэхэуэхэм ящыщ зым Балэ Мухьэдин уІэгъэ щохъурэ, фашистхэм гъэру яубыд. Гъэрпіэм щисам Мухьэдин зыхиІщауэ фашистхэм я гущІэгъуншагъэр. Іуэзв тенджызым пэгъунэгъуу Таганрог кьалэм щаухуэа ахэр гъэрпІэм кьоякІуэсыкІыж и ныбжьэгъу и гъусэу. ЖэущкІэ кІуащ ахэр, махуэкІэрэ Таганрог деж щІым кусэу кьыхьихьэ, мылу щта псым тельу пщыуэрэ. Ешауэ, къаруушэ хьуауэ ахэр бдзэжьыезщэ къуажэ гъэрыпІэм кьоякІуэсыкІыж и ныбжьэгъу и гъусэу. ЖэущкІэ кІуащ ахэр, махуэкІэрэ Таганрог деж щІым кусэу кьыхьихьэ, мылу щта псым тельу пщыуэрэ. Ешауэ, къаруушэ хьуауэ ахэр бдзэжьыезщэ къуажэ гъэрыпІэм кьоякІуэсыкІыж и ныбжьэгъу и гъусэу. Мухьэдинт.

Хэку зауэшхуэр къыщыхъеІм, Балэр езыр щІопльэІури, дзэм макІуэ. 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шууей дивизэм и оркестрым бжьамиятпщэу хагъэхьэ. 1942 гъэм Сталинград и гъунэгъуу щекІуэкІа зэхэуэхэм ящыщ зым Балэ Мухьэдин уІэгъэ щохъурэ, фашистхэм гъэру яубыд. Гъэрпіэм щисам Мухьэдин зыхиІщауэ фашистхэм я гущІэгъуншагъэр. Іуэзв тенджызым пэгъунэгъуу Таганрог кьалэм щаухуэа ахэр бдзэжьыезщэ къуажэ гъэрыпІэм кьоякІуэсыкІыж и ныбжьэгъу и гъусэу. ЖэущкІэ кІуащ ахэр, махуэкІэрэ Таганрог деж щІым кусэу кьыхьихьэ, мылу щта псым тельу пщыуэрэ. Ешауэ, къаруушэ хьуауэ ахэр бдзэжьыезщэ къуажэ гъэрыпІэм кьоякІуэсыкІыж и ныбжьэгъу и гъусэу.

Мухьэдинт.

Хэку зауэшхуэр къыщыхъеІм, Балэр езыр щІопльэІури, дзэм макІуэ. 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шууей дивизэм и оркестрым бжьамиятпщэу хагъэхьэ. 1942 гъэм Сталинград и гъунэгъуу щекІуэкІа зэхэуэхэм ящыщ зым Балэ Мухьэдин уІэгъэ щохъурэ, фашистхэм гъэру яубыд. Гъэрпіэм щисам Мухьэдин зыхиІщауэ фашистхэм я гущІэгъуншагъэр. Іуэзв тенджызым пэгъунэгъуу Таганрог кьалэм щаухуэа

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

ТхакIуэмрэ зэманымрэ

Ди газетым зэрыгъэташи, КъБР-м и Правительствэм и У нэм иджыблагъэ щекIуэжIаш республикэм и тхакIуэхэм я зи чэзу епщыкIущанэ съездыр.

МЫПХУЭДЭ зэхуэсышхуэхэм зэрыщыхабзэу, апэ щыIэ хахаш съез дым президиумыр. ЖьантIэр зыхуэфащэхэм ящыщу якIалытащ КъБР-м и Парламентым и тхьамадэ **Бечелов Ильяс** , Правительствэм и У нафэщым и кIуэдзэ **Дыщэкl Мадинэ** , щэнхабзэмкIэ министр **Фырэ Руслан**, УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым и секретарь **Парпарэ Анатолий** , тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэхэу **Созаев Ахьмэт**, **Къуэшэ Андрей**, **Балькъэр Фоусэт** , **Зумакуловэ Танзиля** сымэ.

Кьыдзэхуэсхэм захуигъаззэри, КъБР-м и Президентым и цIэнIэ гуапэу хуэхуэсыуащ, тхакIуэм и пщIэр лъагэу, и Iэужьхэр дахэу щытын зэрыхуейм и гугъу ящащ Дыщэкl Мадинэ.

Съездым и секретариатыр, редакцэ, бжакIуэ комиссэхэм хэтынухэр ягъэбелджыла нэужь, доклад ящIу щIидзащ ТхакIуэхэм я союзым и правленэм и унафэщI Созаев Ахьмэт.

Абы жиIащ иужьрей ильэситхум кьриубыдэу тхакIуэхэм зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэр, правленэм хэтхэм зрагъэхьулIэфа Iуэхуэр, дяпэкI гулыт+э хэха нэхъ зыхуащIыпхьэу кьалытэхэр.

ЕхъулIэныгъэхэм я гугъу щищIым, Созаевым я цIэхэр кьриIащ иужьрей ильэсхэм тхылъ хъарзынэхэр кьыдэзыгъэкIа тхакIуэхэм, усакIуэхэм, публицистхэм, и псалъэм кьыхигъэщащ Союзым хэтхэм я Iэдакъэщэкlкэм я гиэтIыныгъэ нэхъыщIхьэхэр, прозэм и щыфэлыфэхэр, поэзием и гъунапкъэщIэхэр.

Ди тхыгъэ нэхъыфIхэм лъабжьэ яхуохьу кьэхъугъэ инхэр, дерсыфIэхэр - кIыпIащащ адэкI и псалъэм Созаевым - ТхакIуэхэм ящыщ зыкъомым Iэкlуэльапхьуэ кьагъэсэбэп лъэпкъ хабзэхэр, цIых угъэм, нэмыс лъагэм, пщIэгъуэ пыщIахэр. Ардыдзэ яхужьIэ хьунущ усакIуэ, публицист нэхъыфIкIэмэ.

Литературэм и зыужьыныгъэмкIэ сэбэпщ тхыдэм, щэнхабзэм я кьэхьуугъэ инхэр зыщымыгъэгъупщэнхэр, тхыгъэ дахэу гъэпсынкIи. Апхуэдэ гуфIэгъуэ даудэапщэу зыкъом щекIуэкIащ ди щIыналъэм (Къэбэрдей-Балькъэрыр Урысейм зэрыгукъэрэ илъэс 450 щрикIур, республикэм и щэнхабзэм и махуэхэр Москва зэрыщагъэлъэпIар, тхакIуэ, усакIуэ щхьэхуэхэм я творчествэм теуху гуфIэгъуэ пшыхьхэр, нэгъуэщIхэри). Абыхэм зыкъомкIэ кьаIэтащ кьалэмыр зыIэщIэлъхэм я жьыбэрагъыр - дунейм кьытехьащ лъэпкъэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэн, бзэм, щэнхабзэм зегъэужьащIэ зэрыхуэхэм хуэгъэпса тхыгъэщIэхэр.

Псом хуэмыдэу гу зылыытапхъэщ «Къэбэрдей усэм и антологие» зи фIэщыгъэ тхылъ пащIтIащ, къэбэрдей, балькъэр литературэхэм ящыщу етIощанэ лIэщIыгъуэм дунейм кьытехьа усэхэм я нэхъыфI дыдэхэр щIэзэхуэхьэсаэхэр (тхылъым я редакторэ нэхъыщхьэр Къуэлуфэ Зэкъечимрэ Созаев Ахьмэтрэщ).

НэгъуэщI щапхъэхэри кьихьащ Созаевым, ди республикэм и тхакIуэхэм я лэжьыгъэфIэр кьигъэльагъуэурэ. Ауэ ныкIуасныгъэхэри, правленэр зэкIэ зыхуэнэмысхэри иблэщIыкIыж - ахэр, ди жьгъуэ зэррыхъунщи, куэд дыдэ я хьу .

Къэбгъэльагъуэмэ, тхакIуэхэм яхэтщ литературэм пыщIкIуэтахэр, зи тхыгъэхэр дахэдахэу дунейм кьытемыхьэжхэр. Зи Iэдакъэщэкlхэр мыкупщIафIэхэри, тIасхьэIуэхэри, фагъуэ дыдэхэри машIэкъым. Апхуэдэу щыт пэтми, критикхэм, литературоведхэм жьэнахуэу жIэфIрокIым я ныкIуасныгъэхэр, зыми я жагъуэ ямыщIмэ нэхъкъащтэри.

ДэIэпыкъунырэ хуэныкъуэ литературэрэ журналхэри, сабийхэм яхуэлажьэ тхакIуэхэри, драматургэ закъуэтIакъуэхэри.

Арэзы зытехьуэ хъунукъым тхакIуэхэм я Союзым хэтым я нэхъыбапIэр зи ныбжьыр хэкIуэтауэ зэрыщытми.

Уэзыгъэлейтчэщ тхылъ сатум (псом хуэмыдэу кьуажьэхэм япыщIар) зэрыщымыIэжьыхэр.

Машэ дыдэщ Iэмалу яIэжьи зи тхылъхэр Урысейпсо утыкум изыпытхьэну щIэхъунэсхэм; зэдзэкIакIуэхэр гъуэгъыгъуэ дыдэ хьуащ. Къэралым и мылъкукIэ тхылъ кьыдагъэкIым кIуэ пэтми и бжыгъэм хощ. Ауэ щыхьэхIэ гъунэжу адэ-мыдэкI щащэ зи тепльэкIэ цIуугъэнэ, зи купщIэкIэ мыхьэнэщ, мыпхуэ нэхьыбжьэ.

Бэ зэрызэгъэгъэуэтынум, пцIы зэрыбупсыним, щхьэхуещагъэ зэрызепхьэнум, нэгъуэщI «Iэмал» мыхъумыщIэхэм ятеууащ.

Зэрыгурыуэгъуэщи, а ныкъусанытыгъэхэр зэманыщIэм и нэщнэхэр зыхуэдэр Iуплъ дэзыгъэльагъуэ, къэралым и щыпIэ куэдым щытепщэ хьуа мыгъу агъэхэм ящыщ. «Дунейпсо экономикэ кризис» жьыхуаIэри куэдкIэ зэран къыгъэуохьу.

Ауэ, зэрыжаIэщи, лэжьэну хуейм дапщэщи хэкIыпIэ гуэрхэр кьеГъэгъэтыф, хуэмейм нэхьыбэу кьиIльхьхьэр щхьэусыгъуэхэрщ. Щэч хэмылъу, ди щIыпIэм ис тхакIуэхэмри кьуэгъеипхъэщ я Iуэхуэхэр нэхьыфIу дэжьныкIэ кьаухуещхьэ пэну Iэмалхэр. А гупсысэр кьыхэщIыкIа докладым и гугъу зыщIащэм я кьэпсэльэныгъэхэм.

«Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редакторэ нэхъыщIхьэ **Тхьэзэпль Хьэсэн** кьытеувыащ ди льэпкъ литературэхэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфIхуащIыну республикэм и унафэщIэр зэрыхьэзырыр. «Къэбэрдей-Балькъэрым и Президент Кьанокъуэ Арсен мы гъэм и гъэмахуэм тхакIуэхэм кьыгъэщIэри, дигуэр фIы кьытхуищIащ, - жиIащ Тхьэзэпльым. - Дыкьингъэугъащ тхакIуэхэм я правленэр щыпхьэжьну унэ кьытхуэдихыну, тхакIуэхэм я Союзми щыхьэхуэхэми мылъкукIэ зыкьытщIигъэкъуэну, зыхуэфащэхэр игъэпэжэну. Ар иныкуIэ дыдэщыгугъ(Iыкlпхьэ Iуэхуэ. Дэри ди фарэщ ди зэфIэкIхэр кьэтIэтыну, щIалэгъуалэр гъэсэным жыджэру дыхэтыну, Iуэху фIкIэр зыIэжь Кьанокъуэ Арсеми абы и дэIэпыкъуэгъуэхэми дакъуэвэу, ди кьалэнх эр хьэлэлу дгъэзэщIэну».

Зэманым пыщIа гугъуэхэхэм, тхакIуэ дэтхэнэми хэлъыпхъэ граждан лIыгъэм, жэуапIныгъэм я гугъу ящIэ, щапхъэ Iуплъхэр кьахьурэ, я Iуэху епIыкIыжьэр кьагъэнэIу ащ КъБКъУ-м и егъэджакIуэхэу, филологие щэныгъэхэм я докторхэу **Хьэкlуащэ Андрей**, **Толгуров Зейтун** , «Зэманым газетым и редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ **Беппаев МутIалип**, УФ-м и тхакIуэхэм я Союзым и секретарь **Парпарэ Анатолий**, «Нур» сабий журналым и редактор нэхъыщIхьэ **Джэдгъэф Борис** сымэ.

Нэхъ «пхьашIуэр», щэч хэмылъу, Хьэкlуащэм кьыжиIаэ-хэр: «ТхакIу эхэм ди пщIэр нэрыльагъуэу йохуэх. АбыкIэ дэри зыкьомкIэ дыкьуанщэщ. Псальэм папщIэ, гукъанэ кьыщытхуащIкIэ, литературэм хэль ныкьуасныгъэхэм ткIийуэ я гугъу дымышу щыжаIэкIэ, жэуапу еттыжьам хуейщ зыубгъуауэ узытепсэльыхьыпхъэ тхыгъэ купщIафIэхэр зэрыдмылъагъур, языныкъуэ тхакIуэхэм я темэхэр Iуэ дыдэу, «льагъуныгъэ» жьыхуаIэм кьыфIэмыкIыжь зэрыщытыр. Мыри гу зылъытапхъэщ: нобэ тхакIуэхэм я съезд зэрекIуэкIыным теухуауэ республикэм кьыщIэдгъэ газетхэм зы псалъи кьытрадзакъым. Ари емыкIыщ, кьуаншагъэщ...»

ШЫПШ Даниэ.

ЩIалэгъуалэм я дунейпсо зэхьэзэхуэм дыщэ медали 6 къыщIзыхьахэр

Чемпионхэмрэ абыхэм я гъэсакIуэхэмрэ.

Бгырыпх бэнэкIэ

Дыгъэгъазэм и 12-15-хэм Мэкъуэ щекIуэкIащ бгырыпх бэнэкIэмкIэ щIалэгъуалэм я дунейпсо зэхьэзэхуэ. Абы къыриубыдащ къэрал 26-м кьыкIа спортсмен 170-м щIигъуэ. Урысей Федерацэм и команд кьыхэхам и гъусэу зэхьэзэхуэм щыбэнащ Къэбэрдей-Балькъэрым и спортсменхэм. Ди гуапэ зэрыхъуащи, ахэр псори чемпион щыхъуащ щыбэна хьэлъагъхэм.

ДИ �щIАЛЭГЪУАЛЭМ я гъэсэу зэхьэзэхуэм щыIа тренер Гъэупльащ Замир зэрыжиIамкIэ, ди спортсменхэм зэфIэкIыщхэу кьагъэлъэгъуащ. «НэгъуэщI кьэралхэм я спортсменхэм я зэIущIэхэр ефIэкIыныгъэ мащIэ дыдэ фIэкIа ямыIэу кьахьамэ, ди бэнэкIуэхэр я ныкъуэкъуэгъуэхэм наIуэу ятекIуащ», - жиIащ абы.

Апхуэдэу классикэ стилым дунейпсо чемпионыщIауащ Ульбашев Мартин (кг 50), Бищlо Алим (кг 60), Кьардэн Антемыр (кг 70) сымэ. Хуитчаев Елдар, Гоконов Юрий, Бищlо Валерэ, Щамил (кг 65-рэ), Бэгъуэт Ахьмэд (кг 70), Мысот Мырзэбэч (кг 90) сымэ. ЩIалэхэм псоми бгырыпх бэнэкIэмкIэ спортым и мастерым и нормативыр зэхьэзэхуэм щагъэзэщIащ.

Къэбэрдей-Балькъэрым и бэнэкIуэхэр ягъэсэ тренер цIэрыIуэхэу Тхьэгъэлэдж Олег, Чочаев Елдар, Гоконов Юрий, Бищlо Валерэ, Хьэтэн Хьэсэнбий, Гъэупльащ Замир, Гъыш Олег сымэ.

Спортсменхэр Мэкъуэ щызыIэрагъэхьа ехьулIэныгъэхэмкIэ арэзыщ. Иджы абыхэм зыхуагъэхьэзыр 2009 гъэм и мазаем Къэзан щекIуэкIыну Урысейпсо зэхьэзэхуэм.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Зэи ящыгъупщэнукъым

Гукъэкlыж... Араш къыпхуэнэр щIыхэр дунейм ехыжа нэужь. Араш зи кьуэр дунейм ехыжа анэм тегъэупIэу щIэр. А зыриц зэи умыльагъуэжыну Iыхьлым, ныбжьэгъум хуиI щыщIэныгъэр.

Фэепъ

ЗИ ГУГЪУ тщIы гурыщIэрщ Джэрмэнщык къуажэм къыщыпхъуа, илъэс 30-м щIигъуа къудейуэ дунейм ехыжа Балькъыз Мартин и Iыхьлыхэм, благъэхэм кьахуигъэнар. ЦIыху пэжу, хьэл-щэн дахэ иIэу, езыр гу щабэу, зыхэтхэм ядекIуу псэуащ ар. Зригъэгъуэгъэ юрист Iэщlагъэм и щэху псори къищIауэ, зыпрыхьэ Iуэхур гугъуехьыншIэу зэфIигъэкIыу Налшык дэт аэропортым щылажьэрт Мартин. Абы хуэарэзыт и унафэщIри къыдэлажьэхэри. Сыт хуэдэ Iуэху кьыльыкуэжIми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ кьыхуигъэуту, хьэлэлу и Iэнатlэм пэрытащ ар. Апхуэдэуи ягу кьинэжащ и лэжьэгъуэхэм.

ЦIыхьр псэуху Iуэху зэхуэмыдэ куэдым зрипщытыж хуей мэхъу. Дэтхэнэми и кьалэн нэхъыщхьэр адэ-анэр арэзы ящIынырщ, абы я губгъэн къимыкIынырщ. Гу щIанэ, псэ хьэлэл зиIэ щIалэм жагъуэ ящыхьэн гуэри зэи яригъэльэгъуакъым къэзылъхуахэм, сыт щыгъуэ зэрегупхъкIыным иужь ягу псэуащ. Уиагъуэ дахэ зиIэ, IэнатIэфI пэрыт щIалэм кьыхунухэр арати, илъэс 32-м ягу яIэщIэкIащ адэ-анэм.

Зыр лIэкIэ адрейм зилIэжьыркъым, жаIэ. Апхуэдэу щымытамэ, нэщI хьунти дунейр. Мартин и фIэеплIщ абы кьигъэна унагъуэ дахэр. И щхьэгъусэмрэ абырэ илъэсиблым нэблагъэкIэ зэдпсэуащ, зэгурыIуэ, лъагъуныгъэ я зэхуакуэ дэлъу, сабинтIи зэдагъуэтащ. А цIыкIуэхэр иджы анэми анэшхуэмэ я гурыфIыгъуэр. Ахэращ Мартин и цIэр зэи зымыгъэкIуэдыну дунейм тетри, насыпыфIэ Тхьэм ищI.

ШЫПШ Даниэ.

Ильэсыщ1э махуэшхуэхэм нэщ1эбжьэ къыфхуамыхьын папщ1э

Статистикэм кьыззригъэльагъуэмкIэ, дыгъэгъазэр илъэсым мафIэс нэхъыбэ дыдэ къыщыхьу мазэхэм ящыщщ.

ИЛЪЭСЫщIэ махуэшхуэхэм захуэгъэхьэзырыным дихьэха цIыхухэм мафIэм зэрызыщагъэмэн хуей хабзэхэр ящотхупщэ, ауэ «адакъэ пIыхьыкIи» абыхэм псынщIа дыдэу закьригъэщIэж.

ИльэсыщIэм апхуэдэ кьыззрымыкIуэ щытыкIэхэр нэхъ мащIэ хьун щхьэкIэ мафIэсгъэнкIыфIэ Iуэхуэщапхъэ щыгъуэ щIэзэхуэм хуей щIыкIэхэр.

Махуэшхуэхэр щагъэльапIэкIэ нэхъыбэрэ мафIэс кьыщIэхъуэ и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ ильэсыщIэ псейр щагъэзыкIэ хабзэм зэрытемытым, къэрэкIыпIэхэр кьыщIемызэгъэ щыпIэхэм зэрыщыдгъэгъэпэткIр, нэгъуэщIхэри.

Зэрыхабзэщи, ильэсыщIэ махуэшхуэхэм ирихьэлIэу фэ тэрэм, цIыху зэхуэсыпIэхэм псейхэр щаблэ. Абыхэми гъэувыкIэ щхьэхуэ яIэщ. Псейр мыукIуриин хуэдэу и лъабжьэр щIэгъэбыдэн хуейщ, и щхьэкIэхэри ящащхьэм тIыпэс хьунукъым. Абы фIэддэз хъунухьым мафIэр тыншу зыщIэнэ хьэпшIыпхэр. Пэш кIуэщIым хьэрэкIыпIэхэр щыдзбгъэльэтей хьунукъым.

НэгъуэщI гу зылъытапхъэхэм ящыщщ хьэрэкIыпIэхэр кьыззрагъэсэбэп хабзэхэри. Махуэшхуэхэм кьурибыдэу сымаджэщхэм сабий, балигъ куэд кьашэ я напэр, я Iэхэр мафIэм исауэ. Абы и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщI - хабзэм темыту хьэрэкIыпIэхэр зэраутыпщащ.

Нэхъ шынагъуэ хэм ящыщщ зыгъэнэху хьэрэкIыпIэхэр. Абыхэм я зэранкIэ ильэсыщIэ жэщым мафIэс 20 хуэдиз кьыщIихьу щыIэщ. Ракетнщэм кьильэта хьэрэкIыпIэр фэтэр хэм я балконхэм, гуэщхэм я щхьэмафIэ кьащIонэ. Абы кьыхэкIкIэ, цIыхухэм мылъку хэщIыныгъэшхуэ яIэщ. Нэхъ шынагъуэ дыдэращи, абыхэм я зэранкIэ щIыхьэ хэм фэбжь зэхуэмыдэхэр ягъуэт.

Я гугъу тщIыпхъэщ фин хъэмэмхэми. Махуэшхуэхэм деж апхуэдэ зыгъэпсэхупIэхэм цIыху куэд щIыхьэуэ. Ди жагъуэ зэрыхьэнущи, псори теткъым мафIэсым зэрызыщахьымэн хуей хабзэхэм. Республикэм и апхуэдэ зыгъэпсэхупIэхэм ильэс блэкIам и щIымахуэм мафIэс 17 кьыщыхьуащ.

Кlэщlу жьыпIэмэ, узэгупсысыпхъэр мащIэкъым. Ди гуапэщ республикэм щыпсэу цIыхухэм махуэшхуэхэр гукъыдэж яIэу, нэщхъеягъуэ кьыхэмыкIыу ирахьэкIыну.

СЭБАН Арсен,
КъБР-м МафIэсым ебэныныкIэ и Iэнатlэм и пресс-Iуэхуэщапхъэм и лэжьакIуэ.

Гулыитэ хуащI

Зи закъуэу къэна, зи ныбжь хэкIуэтахэр щапIыж уэн Тэрч къалэм дэтщ. Мыбы щыIэхэм, я нэхъыбэр зи узынщагъэкIэ мыщIагъэ, я закъуэу псэуну зыхуэзфIэмыкIыныхэрщ. Абыхэм быни Iыхьлыи ямыIэ щхьэкIэ я закъуэу забжьыкIрхьым, якIэлъапIэр, зезыльхэр яхуэгъапщи.

МЫ IУЭХУЩIАПIЭМ щIэх-щIэхьыр зэхэрычтыщIэхэри къоблагъэ. Хэт хуэзфIэкIымкIи ядоIэпIэкъу. Iэхуэщапхъэм и унафэщI Тумэ Эмиандэ зэрыжиIамрэ, щIэныгъэм и Iэмал зэрыщIэмрэ, «Иджыпсту цIыху 20 нэс щыIащ, сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуоз», махуэм плIэ догъашэ, зыщIэпэ пэшхэр кьабзэщ, сыт хуэдизкIи щабэу дахущытщ, езыхэми ди гугъуехьыр зыхащIыкI. Мыбы щыIэхэм кьыщынэмыщIауэ, кьэралыр Iуэхутхьэбзэкlэ щIэзэIэпкъуэ щIыхуэу ирейм диIэр 450-м нос. Дэтхэнэ кьуажэмэри дыщIэ лэжьакIуэхэр абыхэм я унэм кIуэурэ щIэгъэкъуэн яхуохьу.

Зи ныбжь хэкIуэтахэм я махуэм, ИльэсыщIэм ирихьэлIэу артист ныбжьыщIэ щIыкIуэхэр кьакIуэурэ зыкьагъэльагъуэ, нэхъыйхьэм я гукъыдэжыр кьэIэтэ, - жаIэ Тэрч.

«Ди закъуэхэм, дыгулытэнэщхьэм», - жаIэ дэ кьыпщыгугъхэм. Ар куэд и уасэщ.

ДЗЭГЪАЩТЭАЗЭМЭТ.
Тэрч къалэ.

ГъуэхутхьэбзэщIэ

Я нэгу зрагъэжьыну цIыхуэхэр зы щыпIэ зэрыкIуэнум и Iуэхуэхэр кьаужэгъэпэщыным и мызакъуэу, «Кариа тур» Iуэхущапхъэм сыт хуэдэ хьэлъи дэнэ щIыпIи хуэгъэIэпхъэнущ. Турфирмэм и автобус зэмкIэ сыт хуэдэ хьэлъэри узыкуей кьалэм пхуашэнущ пIалъэ кIэщIым кьриубыдэу. Апхуэдэ Iуэхутхьэбзэм и уасэр ельытащ ягъэIэпхъуэ хьэлъэм и куэдагъэм, и инагъым. Ар дэтхэнэми езым кьыхуэбжьнуц, заказым и щыхьэт тхыпхъэр щитхэкI. Iуэхущапхъэм, «навигационная система» жьыхуаIэ зэрриэм и фIыгъэкIэ, ягъэIэпхъуэ хьэлъэм фи нэIэ сыт щыгъуи фхутегъэтынущ.

«Кариа» турфирмэм Iуэхутхьэбзэ зыхуилэжь псоми компанием и дисюнтпэ картэ ирет, Iуэхутхьэбзэм пэкIэ уасэм и процент 15-р ахьышу ежьи и счетым хальхьауэ. Фирмэм Iуэхутхьэбзэ иригъэлэжьыну цIыхуэр кьеIуэлIэну, а счетым идекIри процент 15-р хагъэхъуэнущ. Апхуэдэуэрэ зэхуэфхьэса бжьыгъэ ирикъуэмэ, дисконтнэ картэмкIэ фирмэм илэжь Iуэхутхьэбзэм и уасэр ептык хьунущ.

Iуэхущапхъэм и автобускIэ гъуэгу утетмэ, махуэм тIэу угъэшэхэнущ, уемыжьэ щIыкIэ кьыхэпхэ ерыскьыр пхуагъэхьэзырурэ. ИкIи абы щхьэкIэ билетым и уасэр нэхъ льапIэ хъурыкъым.

«Кариа» турэт фирмэм сыт хуэдэ Iуэхущапхъэми и лэжьакIуэхэр тыншу нишэсыфынущ семинар, конгресс, нэгъуэщI зэIущIэхэр щекIуэкI щIыпIэм, Iуэхущапхъэм и кьудамэхэм щыпхьэжь псори Урысейм и сыт хуэдэ зы кьали щызэхуишэсыфынущ.

«Антальяспор»-м токIуэ

Тыркуэм зыгъэсэныгъэр щезыгъэкIуэкI «Спартак-Налшык»-м иджыблагъэ ныбжьэгъуэ зэIущIэ дригъэкIуэкIащ щыпIэ «Антальяспор» футбол клубым.

ЗЭIУЩIЭМ Краснощан Юрэ и гъэсэнхэр 1:0-у щытекIуащ. Командэм ящыкъагъэхьану зыкIэпльапхъэм дратъэкIуэкI лэжьыгъэхэм хиубыдэу налшыкдэсхэм иджыри зэIущIитI ирагъэкIуэкIыну я мурадщ. Абы и ужькIэ командэр кьэкIуэжьынущ.

Iэпщэ Александр и щIыхь лъапIэр

КъБКъУ-м спорт пэшыпхъэм щекIуэкIащ мини-футболымкIэ сабийхэм и республикэ турнир. Ар ирагъэкIуэкIащ футболист щIэрыIуэ, СССР-мрэ РСФСР-мрэ я чемпион, спортым и мастер, КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Iэпщэ Александр и феепъ.

АР КЪЫЗЭР АГЪЭПЭЩАЩ Iэпщэм и цIэр зезыхьэ футбол школымрэ КъБР-м Спортымрэ турнэмкIэ и министерствэмрэ. Зэхьэзэхуэм хэтащ Налшык, Май, Нарткъалэ, Бахьсэн, Дзэлыкъуэжьэ кьалэхэм, Къущхьэтау, Аруан жьылагъэхэм щыщ командэхэр.

3-нэ увыпIэм щхьэкIэ Бахьсэнрэ Налшыкрэ я командэхэр зэпеуати, 1:0-у бахьсэндэсхэр текIуащ. КIэух зэIущIэм щызэхэзыщащ Май кьалэмрэ Аруан кьуажэмрэ я футболист ныбжьыщIэхэр. ЗэIущIэм хуэхэ зэманыр зэрытемытгъэкIуаеу - 1:1-у - ихущ. Пенальтим Iуэхур щынэсым, нэхъ Iэзэу еуащ арандэсхэр.

ТекIуэныгъэ кьэзыхьа командэхэм кубокхэмрэ дипломхэмрэ, футболистхэм щIыхь тхыпхъэмрэ саугъэт льапIэхэмрэ иратащ. Зэхьэзэхуэм кьриихьэпIат Iэпщэ Александр и кьуэ Ладин. Абы я унагъуэм кьыбгъэдэкIыу командэм ахьышэ сагъэтхэр иритащ.

МЭЗКУУ Къанщобий.

Шал Хъусен фрегъэблагъэ

Гу зылъытапхъэ

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 28-м Музыкэ театрым щекIуэкIыну уэрэджьыкIуэ Шал Хъусенрэ «Адыгэ джэгу» ансамблым-рэ я концерт.

Концертым хэтынущ Уэзэр МуIэед, Дыш Едар, Тхьэщыгуей Жаннэ, Осетие Ищхьэрэ-Алание Республикэм щIыхь зиIэ и артистхэу Дзуцев Сосланрэ Кусовэ Эльвирэрэ, Гуэнгъэпщ Артур, Мэремыкъуэ Рэзуан, Мамхэгъ Анжелэ, Бэрэгъэн Марианнэ сымэ.

Концертым щыщIидзэнур сыхьэт 19-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жьлаев Маритэ, Льостэн Музэ, Ныбжьк Тансэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторыр нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикIэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэныкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикIэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIэхъэбзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущапхъэхэм я щIэлэжьныкъуэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; етъджэныгъэмэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапхъэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм щыщIыхьа бжьыгъэхэм, ящыщIэтэ Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытехэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэныту щыткIым.

Газетыр Iэ тельдаехэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпкIмкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №1-щIыбгъэм щIэзэу ихуащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

КъБР-м ПщэхабзэмрэхьэбгъэльагъуэмкIэ ЭнатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь Къанщокъуэ Эллэ, редакторэ ТхьэмокъуэБарэсбий, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1,2-нэ нап.)*, Табыш Динарэ *(3,4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъуэ Иуан Заирэ. *Компьютер Iэ газетым и тепльэр щIидзаш:* Ныр Саидэ, ЩакIуэ Мадинэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *суретыщI* Бицу Жаниэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытредзар сыхьэт 20.30-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.040● Заказ №4248